


# Aplike nan pwogram 2-K!

Tout fanmi Vil Nouyòk ki gen timoun ki fèt an 2024 ka aplike nan pwogram 2-K pou Tout Moun.

## Dat enpòtan

- **Madi 2 jen 2026**  
Aplikasyon 2-K ouvè
- **Vendredi 26 jen 2026**  
Aplikasyon 2-K fèmen
- **Madi 4 out 2026**  
Piblikasyon òf 2-K

Pou otòn 2026 la, pwogram 2-K ap disponib nan distri lekòl sa yo epi elèv k ap viv nan distri sa yo ap gen priorite. Jwenn distri w la: [SchoolSearch.schools.nyc](https://SchoolSearch.schools.nyc)



## Lis sa pou fè pou admisyon

### Eksplòre ak aprann

- Patisipe nan yon sesyon enfòmasyon vityèl! Jwenn plis detay nan paj apre a.
- Konekte nan [MySchools.nyc](https://MySchools.nyc) pou wè lekòl ki tou pre w.
  - Tip pwogram yo:
    - **Jounen pwolonje ak Ane konplè:** 10 èdtan pa jou, pandan tout ane a.
    - **Jounen lekòl:** 6 èdtan ak 20 minit pa jou, septanm rive jen
  - Anviwònman:
    - **Gadri adomisil (Family Child Care, FCC):** pwogram 2-K adomisil avèk yon founisè ki gen lisans
    - **Sant edikasyon pou debitan NYC (NYC Early Education Centers, NYCEEC):** pwogram kominotè yo fè an patenarya avèk Lekòl Leta NYC

### Aplike

- Aplike rive **26 jen 2026** nan youn nan fason sa yo:
  - Sou entènèt avèk [MySchools.nyc](https://MySchools.nyc)
  - Nan telefòn nan **718-935-2009**
  - Atravè yon Sant byenveni pou fanmi (Family Welcome Center, FWC)—aprann kòman nan [schools.nyc.gov/FWC](https://schools.nyc.gov/FWC)

### Jwenn rezilta aplikasyon an

- ▶ Chak òf gen yon dat pou kòmanse.
  - **NYCEEC** mande pou timoun lan gen laj 2 ane a pou l ka kòmanse nan premye jou lekòl la. Timoun k ap vin gen laj 2 ane apre premye jou lekòl la ka kòmanse nan dat yo vin gen dezan an.
  - **FCC** ka pran nenpòt timoun ki fèt an 2024 depi premye jou lekòl la.
- ▶ Aksepte òf oswa tcheke lisdatant nan [MySchools.nyc](https://MySchools.nyc).

Sonje: Pwogram 2-K a nan faz devlopman l toujou, donk se pa tout aplikan ki pral resevwa yon òf.

Patisipe nan yon

Sesyon enfòmasyon  
vityèl sou

# Admisyon nan pwogram 2-K

Pou fanmi timoun ki fèt an 2024

Nan chak sesyon, nou pral oryante w atravè pwosesis admisyon nan pwogram 2-K a, kòman pou kreye kont MySchools ou a, eksplòre opsyon gadri, epi aplike. Aprè prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen.

Dat ak lè	Lang	Entèpretasyon disponib
3 jen 2026 1PM – 2PM	anglè 	arab, bangla, panyòl, oudou
Jedi 11 jen 2026 6PM – 7PM	anglè 	albanyen, fransè, kreyòl ayisyen, ouzbèk
17 jen 2026 6PM – 7PM	anglè 	bangla, chinwa (mandaren), kreyòl ayisyen, koreyen
jedi 25 jen 2026 6PM – 7PM	anglè 	chinwa (kantonè), ris, panyòl, ikrenyen

Tout aktivite yo gen menm kontni an avèk diferan sèvis entèpretasyon; ou pa bezwen patisipe nan plis pase yonn.

Langaj an Siy Ameriken pou moun bèbè/soud disponib nan tout aktivite yo.

Jwenn plis enfòmasyon sou admisyon nan pwogram 2-K: [on.nyc.gov/2K](https://on.nyc.gov/2K)



## Kòman pou patisipe

Nan lè aktivite a ap kòmanse a eskane kòd QR ki pi ba a oswa ale sou [bit.ly/2KInfoSession2026](https://bit.ly/2KInfoSession2026); apres a antre modpas aktivite a ki se **123456**

Odyo ap disponib tou si w rele nan **646-931-3860**

ID Konferans: **96136808818#**  
Kòdpas: **123456#**

